

Nan Vil New York, yo pa tolere rayisman ni diskriminasyon ki fèt sou baz ras, peyi kote moun soti, oswa lòt karakteristik.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim asèlman oswa agresyon fizik akòz idantite nou—sa ki gen ladan ras, gwoup etnik, oswa reliyion ou—tanpri rele 911.

Ajan NYPD yo p ap poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon okenn moun k ap chèche èd, epi gen èd ki disponib pou lang. Ajan yo ka ede konekte moun yo tou ak sèvis sipò pou viktim ki disponib pou yo.

Ou ka kontakte tou yon Defansè Victim Zak Kriminèl pou ede ou jere konsekans emosyonèl, fizik, ak finansye aprè yon krim, ak eksplor lòt chwa ou genyen. Rele Liy Dirèk pou Tout Krim yo nan 1-866-689-HELP (4357) TDD: 866-604-5350.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen te sibi asèlman oswa diskriminasyon nan men yon biznis, yon travay, oswa yon pwopriyetè kay akòz idantite nou—tanpri rele 311 epi di, “human rights” (dwa imen).

Dapre Lwa sou Dwa Moun Vil New York ou gen pwoteksyon kont diskriminasyon nan zafè lojman, travay, oswa nan plas publik yo ki baze sou ras ou, peyi kote ou soti, laj, sitiyasyon imigrasyon, andikap ou, oswa lòt kategori pwoteje yo. Komisyon Vil New York sou Dwa Moun gen responsabilite aplike lwa sa a. Moun ki vyole lwa a ka oblige peye viktim yo penalite ak/oswa domaj ak entèrè.

Èske ou bezwen èd pou imigrasyon?

Tout Nouyòkè yo, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, ka rele liy dirèk ActionNYC an pou jwenn èd legal gratis, san danje pou zafè imigrasyon. Rele liy dirèk ActionNYC an nan 1-800-354-0365, oswa rele 311 epi di, “ActionNYC.”

Èske w ap chèche sipò pou sante mantal?

NYC Well disponib tou pou soutni ou pou bezwen sante mantal ou. Gen konseye fòme ki ka bay sipò konfidansyèl nan plis pase 200 lang, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Rele 888-NYC-WELL, tèks “WELL” nan 65173, oubyen pale sou entènèt nan nyc.gov/nycwell.



Eric Adams
Majistra

Office for the
Prevention of
Hate Crimes

Mayor's Office of
Immigrant Affairs

Commission on
Human Rights